



## Vin patisipe nan yon aktivite vityèl sou admisyon nan lekòk primè!

Chè fanmi,

Nou envite tout fanmi NYC ki gen timoun ki fèt nan 2018, 2019, ak 2020 pou vin patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl k ap pale sou admisyon 3-K, pre-K, ak kindergarten ak Timoun ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T). Apre prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Pandan chak aktivite sou entènèt, nou pral gide w sou chak pwosesis admisyon lekòl primè. N ap pale sou kòman pou jwenn enfòmasyon sou lekòl ak pwogram, ak priyorite yo, lè w itilize anyè lekòl sou entènèt la nan **MySchools.nyc**. N ap pale sou kòman pou kreye yon aplikasyon solid ak balanse, epi kòman pou aplike.

- Chak aktivite ap fèt vityèl, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!
- Tanpri sonje chak sesyon pral pale sou menm sijè a, men chak sesyon pral ofri entèpretasyon nan diferan lang.
- Nou pral fè sesyon yo nan dat ak lè sa yo—tanpri itilize lyen ak enfòmasyon pi ba yo pou w patisipe nan sesyon ki pi bon pou ou ak nan lang fanmi w pi pito a. Ou ka tou wè sesyon yo ak konsève yo nan kalandriye w lè w itilize nouvo [kalandriye aktivite MySchools](#) nou an.
  - **8 desanm 2022**, 2pm to 3pm | Y ap fè aktivite a an angle. Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (mandaren), franse, Oudou
  - **13 desanm 2022**, 2pm to 3pm | Y ap fè aktivite a an angle. Ap gen entèpretasyon nan lang: Bangla, Koreyen, Panyòl
  - **12 janvye 2023**, 6pm to 7pm | Y ap fè aktivite a an angle. Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, kreyòl Aisyen, ris
  - **26 janvye 2023**, 6pm to 7pm | Y ap fè aktivite a an angle. Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (mandaren), franse, Oudou
  - **1ye fevriye 2023**, 2pm to 3pm | Y ap fè aktivite a an angle. Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, kreyòl Aisyen, ris
  - **15 fevriye 2023**, 6pm to 7pm | Y ap fè aktivite a an angle. Ap gen entèpretasyon nan lang: Bangla, Koreyen, Panyòl

### Kòman pou patisipe:

- Yo ap fè chak sesyon andirèk sou entènèt. Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè aktivite a ap kòmanse: <https://bit.ly/ESEvents2022-2023>
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl nou an oswa ale sou [schools.nyc.gov/ESEvents](https://schools.nyc.gov/ESEvents) jou avan premye aktivite a pou jwenn modpas la ak lòt enfòmasyon w bezwen pou vin patisipe, ansanm avèk jan pou jwenn entèpretasyon an.

### Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?

- Ale sou [sitwèb aktivite](#) nou an: N ap poste yon anrejistreman prezantasyon sa a an janvye.



- Kreye kont [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov/) ou epi eksplòre opsyon pwogram pitit ou a.

Bon siksè,  
Ekip admisyon nan Lekòk primè, Biwo enskripsyon elèv la

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon 3-K, pre-K, ak/oswa kindergarten nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle yo mete non w sou lis pou resevwa lòt mesaj sou admisyon nan lekòl primè, tanpri klike [la a](#).